

ENFÒMASYON SOU RISEN

KI SA RISEN YE?

Risen se yon pwazon ou jwenn nòmalmman nan grenn masketi. Si yo manje oswa vale grenn masketi, risen li degaje a kapab lakòz pwoblèm. Risen kapab fèt avèk dechè ki rete apre grenn masketi yo fin transfòmè. Li kapab fèt sou fòm yon poud, yon goutlèt, yon ti boul oubyen li kapab fonn nan dlo oswa asid ki pa fò.

NAN KONBYEN FASON DIFERAN RISEN SA A FABRIKE?

Tou depann depann depreparasyon an, pwazon risen nan varye anpil. **Fabrikasyon brit** pa genyen okenn tretman. Yon preparasyon risen ki brit kapab senp tankou kraze yon grenn masketi. Kontak ak risen pa poze okenn danje epitou sa prèske pa kapab lakòz maladi oswa lanmò. **Pwodui ki konsantre** te trete nan yon fason kanmenm. Pwodui ki konsantre poze yon menas, men sèlman pou sa yo kitoupre li si yo pa mete rad pou pwotejètè yo lè yo ap manyen atik ki genyen risen nan (yon lèt, pa egzansp). Li PA poze yon menas grav pou tout popilasyon. **Pwodui ki byen rafine** se li ki pi trete epi ki sèvi pou fabrike pwazon mòtèl risen. Pwodui byen rafine ra anpil akòz tout travay ak teknoloji li bezwen pou fabrike l. Akòz tout kantite grenn masketi ki bezwen pou fabrike yon pwodui ki byen rafine, li trè difisil pou otorite yo pa ta konnensi yon moun ta ap eseye fè l.

KÒMAN OU KAPAB EKSPoze A RISEN?

Li ra pou anpwazonnen nan risen, epitou li pi ra pou mouri akòz anpwazonman nan risen.

Se ta yon zak espere pou fè risen anplis pou ta sèvi avèk li pou anpwazonnen moun. Li trè difisil pou ou ekspoze a risen san ou pa vle sof si ou manje grenn masketi. Si l melanje avèk materyèl ki yon jan pirifye oswa rafine l avèk pwodui teworis oswa pwodui yo itilize nan lagè, li posib yo ta kasèvi ak risennan atmosfè a, nan manje ak nan dlo pou yo ekspoze moun. Nan kèk ka ki ra, enjeksyon risen te lakòz anpwazonman.

Anpwazonman ak risen pa kontajye. Maladi ki genyen rapò ak risen pa kapab epapiye ant yon moun a yon lòt moun akòz kontak okazyonèl. Poutan, si ou gen kontak ak yon moun ki genyen risen nan kò yo oubyen rad yo, ou kapab vin ekspoze a li.

KÒMAN RISEN REYAJI EPITOU KI SIY AK SENTÒM KI ENDIKE OU EKSPoze A ?

Risen reyaji sou yon moun lè li antre anba selilkò ou epi anpeche selil yo fabrike pwoteyin yo bezwen. San pwoteyin, selil yo ap mouri. Finalman sa ap nuizib pou tout kò a nèt, epi lanmò ka rive. Efè anpwazonman ak risen depann depannsi yon moun te respire, vale oswa enjekte risen.

Si yo te vale risen, premye sentòm yo nòmalmman kòmanse nan mwen pase 6-12 èdtan. Premye sentòm yo kapab plis afekte sistèm gastwo-entestinal tankou kèplen, vomisman, ak vant fèmèl. Sentòm anpwazonman risen yo apre sa, ogmante byen vit (byen souvan apre 12-24 trè) tankou dezidratasyon grav epi pwoblèm ren ak fwa.

- PIPLIS-



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017

Si yo respire risen, premye sentòm yo kapab kòmanse ant 4-6 èdtan sito apre kontak, men pwoblèm grav yo kapab kòmanse pita nan 24 trè apre kontak. Premye sentòm yo kapab pli afekte sistèm respirasyon tankou difikilte pou respire, souf anlè, lestomak fèmak ak tous. Sentòm anpwazònman risen yo apre sa ogmante byen vit (byen souvan apre 12-24 trè) tankou sentòm respirasyon vinpi mal, edèm pilmonè (likid nanpoumon) epi, apre sa, respirasyon sispann.

Lanmò akòz anpwazònman akrisen ka rive ant 36 a 72 èdtan apre kontak avèk risen, tou depann depannkijan de kontak (respirasyon, ensèsyon oswa enjeksyon) epitou ki kantite dòz la.

KI JAN YO TRETE ANPWAZÒNMAN AK RISEN?

Pa genyen antidòt ki egziste pou risen. Kifè, faktè ki pi enpòtan se evite toudabò kontak ak risen. Si ou pa kapab evite kontak ak risen, li enpòtan pou elimine risen nan kò a pi vit posib.

Poutrete anpwazònman apre kontak avèk risen, yo bay viktim yo swen medikal ki diminye efè pwazon an. Tip swen medikal apwopriye yo depann de plizyè faktè, tankou nan fason viktim yo te anpwazonnen (si se pwazon nan respirasyon, ensèsyon, oswa kontak nan po oubyen nan zye). Swen ka genyen la dan l ede viktim yo respire, bay yo sewòm atravè venn yo (likid yo bay ak zegwi yo foute nan yon venn), bay yo medikaman pou sitiasyon medikal yo tankou malkadi ak tansyon ki ba, bay yo lavman ak chabon aktif (si yo te fèk fin vale risen nan), oswa lave zye yo avèk dlo si zye yo ap brile yo.

KIJAN OU KA PWOTEJE TÈT OU SI OU PANSE OU TE EKSPoze NAN RISEN?

Retire kò kote risen anlage a pou ou ka respire lè frèt touswit. Si risen ki lage a se deyò li ye, retire kò ou nan zòn nan. Si risen ki lage a se anndan li ye, retire kò ou nan bilding lan.

Si ou toupre kote genyen yonrisen ki lage, kowòdonatè ijans yo kapab di ou pou evakye zòn nan oswa “refijye kote ou ye a ” anndan yon bilding pou anpeche ou ekspoze.

Si ou panse ou te kapab genyen kontak ak risen, ou ta dwe retire rad sou ou byen vit, lave tout kò ou avèk savon ak dlo, epi pran swen medikal san pèdi tan. Si yon moun ta vale risen, pa fòse vomi, pa bay li likid pou li bwè. Chèche swen medikal touswit. Rele 911.

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept

Enfòmasyon soti nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Merilann Biwo pou Preparasyon ak Repons avèk nan Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon, <https://emergency.cdc.gov/agent/ricin/facts.asp> ak <https://emergency.cdc.gov/agent/ricin/qa.asp>



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017